

# Sant rekiperasyon nan ka katastwòf louvri nan depatman Swain

---

Release Date: Oktòb 27, 2024

**RALEIGH, N.C.** - Yon sant rekiperasyon nan ka katastwòf (DRC) pral louvri pòt li lendi 28 oktòb la nan Bryson (depatman Swain) pou ede sivivan North Carolina yo ki te sibi pèt apre tanpèt twopikal Helene nan.

**Depatman Swain lokalize nan:**

**Swain County Business and Training Center (Swain County Training Center)**

**45 East Ridge Drive**

**Bryson City, NC 28713**

**Ouvè 8 a.m. pou 7 p.m. Lendi jiska Dimanch**

Yon DRC se yon gichè inik kote sivivan yo kapab rankontre reprezantan FEMA yo, mande èd nan men FEMA, oryante nan direksyon èd lokal nan rejon yo a, mande administrasyon amerikèn nan ti antrepriz yo (SBA) prete nan yon to enterè ki fèb nan ka katastwòf ak lòt bagay ankò.

Asistans finansyè FEMA ka gen ladan lajan pou reparasyon debaz kay, pèt pwopriyete pèsonèl oswa lòt bezwen ki pa gen asirans, ki gen rapò ak katastwòf tankou gadri, transpò, bezwen medikal, fineray oswa depans dantè.

Pou jwenn plis lokalizasyon DRC, ale sou [fema.gov/drc](https://fema.gov/drc) oswa ekri yon tèks mesaj "DRC" ak yon kòd postal nan 43362. Plis sant rekiperasyon pral louvri byento. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen yon andikap oswa ki gen bezwen aksè ak fonksyonèl epi ekip ak asistans teknolojik.??

Pwopriyetè ak lokatè ki nan depatman [39 North Carolina yo ak manm tribal yo ki nan Eastern Band of Cherokee Indians](#) kapab vizite nenpòt sant, enkli sa ki lokalize nan lòt eta yo. Pa gen randevou ki nesesè.?



**FEMA**

Page 1 of 2

Li enpòtan pou ale nan yon sant èd FEMA pou aplike. Fason ki pi rapid pou aplike se anliy sou [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov) oswa via aplikasyon [FEMA a.](#) Ou kapab rele tou 800-621-3362. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou vidyeo relè, telefòn kapsyone oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo ou pou sèvis sa.



**FEMA**

Page 2 of 2